

Pou Piblikasyon Imedya: 29/04/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KONPAYI TEKNOLOJI YEXT AP AGRANDI SYÈL
SOSYAL MONDYAL LI NAN VIL NEW YORK**

***Yext ap Kreye 500 Nouvo Djòb Pandan Senk Prochen Ane yo, sa k ap Ogmante
Mendèv ki Baze nan Vil New York la pou Plis Pase 1,100***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke Yext, yon konpayi jesyon konesans dijital entènasyonal, ap planifye pou agrandi syèj sosyal nan Vil New York li a, sa k ap kreye 500 nouvo djòb ki byen peye pandan senk pwochen ane yo. Konpayi a ap planifye pou envesti plizyè dizèn milyon dola nan nouvo syèj sosyal li a ki mezire 142,500 pye kare nan 61 Ninth Avenue nan Manhattan, sa k pa ogmante mendèv li a pou plis pase 1,100 nan Eta New York.

"Konpayi teknoloji yo tankou Yext ap pwospere epi etann yo nan tout Eta a gras ak talan ekselan New York la, enstitisyon edikatif yo ak resous kiltirèl yo", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Nou fyè pou sipòte konpayi yo ki envesti nan Eta New York epi ogmante sant inovasyon nou yo, ki an retou atire plis biznis ki gen klas mondyal yo epi pi lwen pwomouvwa ekonomi 21yèm syèk nou an."

"Agrandisman Yext la pral pèmèt kwasans kontini konpayi teknoloji a epi kreye 500 djòb nouvo, ki byen peye nan Vil New York", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** "Investisman siyifikatif la pral ogmante mendèv konpayi a ak plis pase 1,000 nan Eta a, pi lwen l ap fè avanse endistri wot teknoloji a nan New York epi ranfòse ekonomi a an".

Fonde an 2006 nan New York, Yext se yon konpayi Lojisyèl kòm yon Sèvis (Software as a Service, SaaS) enfòmasyon nan nyaj ki bay konpayi yo kontwòl sou ekperyans mak yo a atravè inivè dijital kat yo, aplikasyon yo, motè rechèch yo, asistan vokal yo ak lòt sèvis entèlijans ki mennen dekouvèt, desizyon ak aksyon. Deloitte te rekonèt Yext kòm youn nan "konpayi ki Grandi Pi Vit yo" an Amerik epi se youn nan "Pi Bon kote pou Travay" selon Fortune. Aktyèlman Yext anplwaye apwoksativman 1,000 moun globalman nan Bèlen, Chicago, Dallas, Jenèv, Lond, Pari, San Francisco, Shanghai, Tokyo ak zòn Washington D.C. a, gen ladan 600 nan Vil New York.

"Yext kontan pou devwale Batiman Yext La ak plan nou yo pou agrandi Yext ak 500 nouvo djòb nan vil natal New York nou an", **te deklare Howard Lerman, Fondatè ak Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral Yext.** "Non yon epòk eksè enfòmasyon, avèk anpil ladan ki fo, Batiman Yext la pral kanpe avèk fyète tandiske nou ap pote repons sou mak verifye pou monn lan. Nou te fonde Yext ak twa moun nan yon sèl chanm nan Columbus Circle. Plis pase yon deseni apre, yo santi efè pwodui inovasyon nou yo, ekip ki gen klas mondyal la, ak gwo opòtinite yo nan tout monn lan. Se toujou Premye Joun a nan Yext. Chak jou n ap travay pou devwale laverite nan monn lan."

Yext te pran desizyon pou agrandi nan Eta natal li New York pre nou te analize opsyon finansye ak talan yo konpayi a bezwen. Pou sipòte kreyasyon 500 devlopman lojisyèl enjeniri, Rechèch ak Devlopman, lavant enjeniri yo, devlopman biznis, djòb komèsyalizasyon ak administrasyon yo, Empire State Development te ofri Yext jiska 6 milyon dola Kredi Enpo Excelsior (Excelsior Tax Credits) ki baze sou pèfòmans pandan 10 ane. Yext resevwa sèlman ankourajman total si yo kreye 500 djòb pandan senk pwochen ane yo epi konsève nouvo djòb sa yo ak djòb akyèl yo a ki baze nan Vil New York pou yon lòt senk ane.

Prezidan Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development la Howard Zemsky te deklare, "Agrandisman Yext la pral pote plizyè santèn djòb ki byen peye, djòb nan teknoloji de pwent pou Vil New York - pou reflekte mendèv wotman kalifye nou an epi ede Empire State rete alavangad nan endistri teknoloji a".

Senatè Brad Hoylman te deklare, "Mèsi, Yext. Mwen vrèman apresye angajman nou an pou kreye 500 nouvo djòb nan distri Eta mwen an epi tou efò Empire State Development ak Gouvènè Cuomo pou konsolide endistri teknoloji New York la".

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York fè investisman estratejik pou ankouraje inovasyon, antreprenarya ak devlopman teknoloji. Ekosistèm startup Vil New York a klase #2 nan monn lan avèk preske 173,000 djòb nan teknoloji nan tout senk - plis pase 52,000 depi 2011. Desizyon Yext la pou agrandi nan Vil New York se yon testaman pou kwasans rapid sektè teknoloji Big Apple la epi l ap ede konsolide wòl New York kòm yon sant global ekonomi inovasyon an.

Konsènan Yext

[Yext, Inc.](#) (NYSE: YEXT) se platfòm Prensipal Jesyon Konesans Dijital (Digital Knowledge Management, DKM) la. Misyon nou se pou bay konpayi yo kontwòl sou ekperyans mak yo a atravè inivè dijital kat yo, aplikasyon yo, motè rechèch yo, asistan vokal yo ak lòt sèvis entèlijan ki mennen dekouvèt konsomatè, desizyon ak aksyon. Jodi a, plizyè milye biznis ap itilize Motè Konesans Yext la pou jere konesans dijital yo pou kapab estime angajman, mennen anpil vizitè pyeton, epi ogmante lavant yo.

Enfòmasyon sou Empire State Development

Empire State Development (ESD) se prensipal ajans devlopman ekonomik New York (www.esd.ny.gov). Misyon ESD se pou pwomouvwa yon ekonomi ki djanm ak pwospè, ankouraje kreyasyon nouvo djòb ak opòtinite ekonomik, ogmante resèt pou Eta a ak awondisman li yo, epi pou fè ekonomi lokal yo vin estab ak divèsifye. Atravè itilizasyon lajan prete, sibvansyon, kredi sou taks ak lòt fòm asistans finansye yo, ESD ap fè efò pou amelyore investisman biznis prive ak kwasans pou sipòte kreyasyon djòb epi sipòte kominote ki pwospè yo nan Eta New York. ESD se egalman ajans administratif prensipal kap sipèvizè Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal (Regional Economic Development Councils) Gouvènè Cuomo yo ak komèsyalizasyon "I LOVE NEW YORK", mak touris anblemantik Eta a. Pou plis enfòmasyon sou Konsèy Rejyonal yo ak Empire State Development, vizite www.regionalcouncils.ny.gov ak www.esd.ny.gov.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)